

Si-w kwè ou te viktim diskriminasyon dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, oswa Chapit 7 ki nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, ansanm ak chanjman ki fèt ladan-l yo (Title VII of the Civil Rights Act of 1964, as amended), se pou-w telefone, ekri, oswa ale nan Office of Equal Opportunity, nan adrès ki ekri nan ti liv sa-a.

Dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, moun ki pote plent la dwe mete-l sou papye, epi sèmante sa-l di-a se vre. Plent la pa dwe pran plis pase 180 jou, koumanse konte sou dat dènye diskriminasyon moun nan di ki te fèt la, pou-l rive nan Office of Equal Opportunity.

[Nòt: Ou gen dwa tann pi lontan anvan ou pote plent devan Komisyon Etazini pou Egalite nan Travay (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) (300 jou), oswa Komisyon Florida pou Relasyon Imen (Florida Commission on Human Relations) (365 jou).]

Pou enfòmasyon, asistans, oswa pou pote yon plent, kontakte:

**Palm Beach County
Office of Equal Opportunity
Governmental Center**

301 North Olive Avenue
10th Floor

West Palm Beach, FL 33401

Telefòn: (561) 355-4883

Faks: (561) 355-4932

www.pbcgov.com/equalopportunity



Palm Beach County
Konsèy Komisè Kawnti-a

Moun ki bezwen, kapab mande pou yo resevwa enfòmasyon ki nan papye sa-a sou yon lòt fòm.

Rev. 02/2014



**Anbete moun
pou zafè sèks**

**Palm Beach County
Office of
Equal Opportunity**

*(Biwo pou Chans Egal,
Palm Beach Kawnti)*

www.pbcgov.com/equalopportunity

Pamela Guerrier
Director

Lalwa defann anbetè moun pou zafè sèks

Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay (Règleman No. 95-31) [Palm Beach County Equal Employment Ordinance (Ordinance No. 95-31)], Lwa 1992 Leta Florida sou Dwa Sivil (Florida Civil Rights Act of 1992), ansanm ak Chapit 7 ki nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, ak tout chanjman ki fèt ladan-lyo (Title VII of the Civil Rights Act of 1964, as amended), defann anbetè moun pou zafè sèks.

Ki sa ki rele anbetè moun pou zafè sèks?

Anbetè moun pou zafè sèks kapab fèt plizyè jan, epitou kapab genyen plizyè moun ki mele nan koze-a. An jeneral, anbetè moun pou zafè sèks, se mete yon kondisyon li pa vle sou travay li, paske-l se fi oubyen gason. Ou kapab te nan ka kote yon moun t'ap anbetè-w pou zafè sèks, si-w te oblije sibi youn oswa pi plis nan sitiyasyon ki pral pale pi ba yo:

- Yon moun vin fè frekan avè-w, san-w pa vle, epi lè sa-a ou oblije chwazy oswa pou-w soufri ak pwoblèm nan travay ou, oswa pou-w aksepte zafè sèks la.
- Yon moun ki pa yon anplwaye fè frekan avè-w san-w pa dakò, pandan w'ap fè travay ou sanse fè-a.

- Lè yo trete-w mal paske ou se fi oswa gason. Nan kote w'ap travay la genyen kaponnaj, move jan, oswa bagay derespektan k'ap fèt, sou kesyon sèks. Menm si se pa avèk ou menm derespektan-an fèt, eske sitiyasyon sa-a anpeche-w fè travay ou, san sa pa te bezwen rive ?

Ki moun ki an kòz

- Sipèvizè
- Lòt anplwaye
- Moun ki pa anplwaye (moun k'ap vann, kliyan, moun k'ap fè reparasyon, elatriye)
- Gason oswa fi (« kit se yon gason oubyen yon fi parèy ou, kit se pa sa lòt moun nan ye »).

Ki sa pou patwon-an fè?

1. Pran règleman kont kesyon anbetè moun pou zafè sèks. Distribye règleman yo, epi mete yo kote pou tout anplwaye kapab wè yo.
2. Mete règleman sou jan moun kapab pote plent, sa ki va pèmèt anplwaye yo pote plent san fè bwi, san yo pa bezwen chita pale davans ni avèk sipèvizè ki sou tèt yo-a, ni avèk yon lòt anplwaye ki ta kapab lakòz plent la.
3. San pèdi tan, fè ankèt sou tout plent ki pote sou kesyon anbetè moun pou zafè sèks. San pèdi tan, fè tout sa ki dwe fèt pou korije sitiyasyon kote yo te anbetè moun pou zafè sèks.

Ki sa pou anplwaye-a fè?

1. Fè konnen aklè ou santi lòt moun nan ap derespekte-w, epi ou pa dakò pou-l fè-w bagay konsa.
2. Ekri ki dat, ki lè, ki kote, ak tout lòt enfòmasyon ki kapab itil, nan chak ka kote yon moun anbetè-w pou zafè sèks.
3. Kenbe kopi tout enfòmasyon nesèsè ki kapab sèvi pou bay prèv te genyen sitiyasyon kote moun anbetè-w pou zafè sèks.
4. Ekri non ak nimewo telefòn tout moun ki kapab konnen sa ki pase-a, epi ki kapab sèvi temwen si sa ta vin nesèsè.

Soulajman ak pinisyon pou anbetè moun pou zafè sèks

Moun yo anbetè pou zafè sèks kapab gen dwa: resevwa lajan yo te vin pa kapab fè nan travay yo, resevwa lajan travay yo pa te kapab touche depi sou tan ki te deja fin pase, retounen nan menm travay kote yo te ye-a, touche domaj enterè, fè lòt moun nan peye domaj enterè kòm pinisyon, epi touche lòt lajan domaj enterè ak reparasyon pou sitiyasyon-an.

Patwon-an kapab revoke, desann nan grad, oswa jwenn lòt jan pou pini moun ki anbetè yon lòt pou zafè sèks. Gen de fwa, moun sa-a yo konn oblije peye yon lajan bay moun yo te anbetè pou zafè sèks-la, lè se yo menm, pou tèt pa yo, ki oblije pote responsabilite sa ki te fèt la.